

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Téhnik musikalisasi bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa maca pikeun maham eusi anu nyangkaruk dina sajak. Éta hal katitén tina hasil kamampuh siswa saméméh (*pretest*) dilarapkeun téhnik musikalisasi, kapaluruh yén skor siswa 1930 kalawan peunteun rata-rata kelas 64,33. Siswa can mampuh nangtukeun harti kecap/diksi dina nomer 8, 9, 12, ma'na denotatif jeung ma'na konotatif dina nomer 13, 14, imaji nomer 16, purwakanti nomer 17, 18, gaya basa nomer 19, jeung wirahma/ritme nomer 20. Ku kituna, dina hasil *pretest* kamampuh siswa kaasup kana kategori can mampuh dumasar kana Kritéria Ketuntasan Minimal (KKM) nyaéta 80.

Kamampuh sabada dilarapkeun téhnik musikalisasi, katitén aya parobahan. Dina hasil *posttest* kalawan ngalarapkeun téhnik musikalisasi, katitén siswa geus mampuh nangtukeun unsur-unsur anu ngawangun sajak pikeun maham eusina. Siswa geus mampuh nangtukeun téma, rasa, nada, suasana, amanat, eusi, diksi, ma'na denotatif jeung konotatif, imaji pangrasa jeung pangrampa, purwakanti, gaya basa, sarta wirahma. Kapaluruh skor hasil *posttest* siswa nyaéta 2435 kalawan peunteun rata-rata kelas 81,16. Ku kituna, kamampuh siswa sabada dilarapkeun téhnik musikalisasi kaasup katégori mampuh dumasar kana Kritéria Ketuntasan Minimal (KKM) nyaéta 80.

Tina uji gain katitén ngaronjatna kamampuh siswa maca pamahaman kana sajak kalawan rata-rata gain 16,83%. Saupama dititénan tina rata-rata peunteun *pretest* jeung *posttest* nyaéta 64,33 jadi 81,16. Uji hipotésis ngahasilkeun $t_{itung} > t_{tabel}$ nyaéta $12,02 > 2,46$, hartina téhnik musikalisasi bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina pangajaran maca pamahaman sajak kelas VIII-C SMP Negeri 5 Tasikmalaya Taun Ajaran 2013/2014.

5.2 Saran

Dumasar kana hasil analisis BAB IV, aya sababaraha saran anu patalina jeung larapna téhnik musikalisasi dina pangajaran maca sajak nyaéta pikeun guru, jeung panalungtik satuluyna saperti ieu di handap.

- 1) Guru bisa ngagunakeun téhnik musikalisasi dina ngalaksanakeun prosés diajar-ngajar kana sajak, lantaran téhnik musikalisasi bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina maca pamahaman sajak.
- 2) Panalungtik satuluyna dipiharep bisa ngalaksanakeun panalungtikan séjén kalawan nalungtik tina aspék lianna, saperti dina aspék afektifitasna. Salian ti éta, bisa ogé nalungtik tina aspék minat siswa kana ayana téhnik musikalisasi dina pangajaran apresiasi kana sajak.

